



FÈ JENERAL SOU VOTE Kesyon Yo Poze Souvan

1. Poukisa li enpòtan pou vote?

Vote se youn nan fason ki pi enpòtan ke Ameriken yo egzèse dwa yo kòm sitwayen. Chak vòt konte. Vòt Ou a Enpòtan!

2. Ki moun ki ranpli kondisyon pou yo vote?

Pou li ranpli kondisyon yo pou l vote, yon moun dwe:

- Yon sitwayen ameriken.
- Gen pou pi piti laj 18 an.
- Yon rezidan nan eta sa a ak nan konte a, vil oswa vilaj kote l ap enskri a, pandan 30 jou pou pi piti anvan eleksyon an.
- Pa te jije mantalman enkapab pa yon tribinal.
- Pa nan prizon oswa an libète kondisyonèl pou yon kondanasyon pou krim.
- Pa reklame dwa pou vote yon lòt kote.

*Apati janvye 2020, sitwayen ki gen 16 an ak 17 an kapab **pre-enskri** (enskri alavans) pou vote. Malgre ou dwe gen 18 an anvan ou kapab vote nan yon eleksyon, konte kote ou te pre-enskri a ap trete aplikasyon w lan epi l ap vin aktif lè w ap vote nan laj legal 18 an.

3. Kijan mwen kapab enskri pou m vote?

Anba la a gen plizyè fason ou kapab enskri pou w vote:

- Ou ka enskri an pèsòn nan [konsèy eleksyon konte](#) w la (CBOE) oswa nan yon Sant Enskripsyon Elektè [ki Baze nan yon Ajans nan Eta Nouyòk](#).
- Ou ka rive jwenn tou yon fòmilè aplikasyon pou elektè nan Depatman Veyikil a Motè yo oswa sou sit wèb yo a nan (<https://dmv.ny.gov/more-info/electronic-voter-registration-application>) si ou deja genyen yon pyès idantite ke DMV emèt.
- Ou kapab enskri pou w vote lè ou rele 1-800-FOR-VOTE.
- Ou kapab ranpli yon Fòmilè Enskripsyon Elektè, siyen, ekri dat la epi voye li pa lapòs bay konsèy eleksyon konte w la (konsilte atik #25).

4. Lè m ap enskri, èske mwen oblije vin manm yon pati politik?

Non. Ou kapab chwazi pou w pa vin manm yon pati politik.

5. Ki pati politik ki genyen?

Nan Eta Nouyòk, uit pati ki rekonèt yo se: Demokrat, Repibliken, Konsèvatè, Fanmi K Ap Travay yo, Vèt (Green), Libètaryen (Libertarian), Endepandans, ak Mouvmàn Sèvi Amerik (SAM).

6. Èske mwen dwe manm yon pati politik pou m vote nan yon eleksyon?

Ou **pa** bezwen manm yon pati politik pou w vote nan Eleksyon Jeneral la. Toutfwa, nan Eta Nouyòk ou **dwe** manm yon pati politik pou w vote nan Eleksyon Primè a.

7. Ki diferans ki genyen ant yon eleksyon Primè ak yon eleksyon Jeneral?

Eleksyon Primè a fèt anvan eleksyon jeneral la. Nan yon eleksyon Primè, w ap vote pou kandida a/yo ou vle ki pou reprezante pati politik ou a nan eleksyon Jeneral la. Kandida chak pati ki ranpòte laviktwa nan eleksyon Primè a, li ale nan eleksyon Jeneral la an novanm. Kandida ki genyen eleksyon jeneral la ap okipe pòs la .

8. Èske mwen kapab vote san mwen pa ale nan biwo vòt yo?

Wi. Si w se yon elektè ki enskri, li posib ke ou kapab vote san ou pa ale nan biwo vòt yo lè ou itilize yon bilten vòt pou elektè ki absan. Yon bilten vòt pou elektè ki absan pèmèt ou vote pa lapòs .

9. Kijan pou mwen vote avèk yon bilten vòt pou elektè ki absan?

Ou kapab vote avèk bilten vòt pou elektè ki absan si ou:

- Absan nan konte kote ou enskri pou vote a; oswa, si ou se yon rezidan Vil Nouyòk ki pral absan nan vil sa a nan jou Eleksyon an.
- Pa kapab prezante nan biwo vòt ou a nan Jou Eleksyon an akòz yon maladi oswa yon andikap tanporè oswa pèmanan; oswa, paske ou se prensipal moun k ap bay swen a youn oswa plizyè moun ki malad oswa ki andikape fizikman.
- Ou se yon rezidan oswa yon pasyan nan yon Lopital Administrasyon Sante Veteran.
- Ou fèmèn nan prizon pandan w ap tann aksyon Gran Jiri oswa ou fèmèn nan prizon apre kondanasyon pou yon enfraksyon, ki pa yon krim, epi ou ranpli lòt kondisyon yo.

10. Kijan mwen kapab jwenn yon bilten vòt pou elektè ki absan?

Pou telechaje yon kopi aplikasyon pou bilten vòt elektè ki absan Eta Nouyòk (NYS) la, oswa rive jwenn plis enfòmasyon konsènan vote avèk bilten vòt pou elektè ki absan, ale sou sit wèb Konsèy Eleksyon Eta Nouyòk (NYS) la nan:

<https://www.elections.ny.gov/VotingAbsentee.html> . Yo dwe resevwa aplikasyon pou bilten vòt elektè ki absan w lan **pa lapòs** pou pi piti 7 jou anvan dat eleksyon an oswa ou dwe remèt li **an pèsòn** a [Biwo CBOE](#) (Konsèy Eleksyon Konte) ki apwopriye a pou pi piti yon jou anvan eleksyon an.

11. E si mwen te demenaje depi dènye fwa ou te vote a?

Si ou te demenaje depi dènye fwa ou te vote a, ou dwe re-enskri pou w vote. Fòmilè Enskripsyon Elektè a ta dwe itilize kòm yon fòmilè chanjman adrès *pou rezon vòt sèlman*. Ranpli fòmilè a avèk nouvo enfòmasyon rezidansyèl ou a epi voye li pa lapòs pou CBOE w la (Konsèy Eleksyon Konte w la).

12. Pou ki moun mwen ta dwe vote?

Lè ou vote, w ap ede chwazi moun yo ke ou panse ki pral pi byen reprezante ou. Li enpòtan pou ou vote pou yon kandida ki kwè nan bagay ou panse ki enpòtan yo. Chwazi ki kandida pou vote se desizyon w a 100 pousan. Se pa okenn lòt ki ap fè chwa sa a pou ou, se oumenm ki ap fè li.

13. Èske mwen kapab toujou vote si mwen pa konnen tout kandida yo ak kisa yo reprezante?

Wi, ou kapab. Li difisil pou konnen tout kesyon yon kandida ap sipòte. Si w vle konnen plis bagay sou yon kandida oswa sou ki kesyon w ap vote, ou kapab jwenn plis enfòmasyon.

14. Ki kote mwen kapab jwenn enfòmasyon sou divès kandida yo?

Anba la a gen kèk fason pou jwenn enfòmasyon sou kandida yo:

- Televizyon, jounal ak magazin. Epi Laprès Ekri - Anvan yon eleksyon, medya yo pral souvan konsakre ribrik/atik a tèm kanpay ak eleksyon. Ribrik ak atik sa a yo kapab resous ki ekselan pou aprann ki pozisyon kandida yo konsènan divès kesyon.
- Pale avèk Kandida yo - Anpil kandida gen biwo lokal kote ou kapab rive jwenn plis enfòmasyon. Kandida yo souvan gen lè biwo pou yo kapab pale avèk moun nan kominote yo sou enkyetid yo pataje.
- Fowòm Piblik - Kandida yo gen tou fowòm piblik ou kapab suiv pou tande lide yo epi poze yo kesyon.
- Sit Entènèt Kandida yo - Laplipa kandida yo gen pwòp sit entènèt yo ke ou kapab jwenn avèk yon rechèch non rapid anliy (sou entènèt).
- Lig Elektè Fanm yo (LWV) nan Eta Nouyòk (<https://my.lwv.org/new-york-state>). Sit wèb sa a gen enfòmasyon sou tout kandida ki nan kous la pou pòs yo epi lòt resous pou elektè yo. LWV Eta Nouyòk la (NYS) se yon gwoup ki pa patizan, sa vle di ke li pa sipòte oswa chwazi yon kandida olye yon lòt.
- Sant pou Lavi Endepandan yo (ILC yo). ILC yo kapab endike ou kijan pou w kontakte divès kandida pou w kapab poze yo kesyon. ILC yo anjeneral reyini fowòm kote moun ki andikape yo ak/oswa moun ki pa andikape yo kapab poze kandida yo kesyon sou kesyon (pwoblèm) ki enpòtan pou yo. Sa kapab ede ou tou pou decide pou ki moun ou vle vote.

15. E si mwen pa renmen okenn nan kandida yo epi mwen vle vote pou yon lòt moun?

Lè ou vote, ou chwazi youn oswa plizyè moun ou panse ki pral pi byen reprezante ou. Si ou prefere pa vote pou yon kandida sou bilten vòt la, ou kapab chwazi pa vote, oswa ou kapab chwazi ekri sou bilten an non yon moun ke ou panse ki se yon pi bon kandida.

16. Èske mwen kapab chanje pati politik?

Wi. Ou kapab itilize [fòmilè enskripsyon elektè a](#) pou chanje apatenans ou soti nan yon pati politik pou ale nan yon lòt. Ou kapab tilize fòm sa a tou pou w vin manm yon pati politik pou premye fwa, oswa fè chanjman adrès, jan yo note sa nan atik #11 lan. Yo dwe resevwa fòmilè ki mande chanjman pati politik yo an pou pi ta 14 fevriye chak ane pou yo kapab antre an vigè imedyatman pou ane vòt la. Kontakte CBOE w la (Konsèy Eleksyon Konte w la) si ou vle fè yon chanjman pati politik apre 15 fevriye.

17. Aprè mwen fin vote, si yon moun mande m kiyès mwen vote, èske mwen dwe di li?

Non. Pou kiyès moun ou vote, se yon desizyon pèsònèl. Ou pa oblije pataje enfòmasyon sa a avèk okenn lòt moun.

18. Èske gadyen mwen an kapab anpeche mwen vote?

Si w gen kesyon konsènan kòman lefèt ou gen yon gadyen kapab afekte dwa w pou vote, kontakte Manadjè Swen w lan pou li ede ou. Li kapab verifye sitiyasyon ou pou ede w konprann dwa ke w genyen pou vote. Gadyen w lan PA KAPAB vote pou ou.

19. Èske mwen kapab vote pa pwòp tèt pa m?

Wi, ou gen dwa pou w vote yon fason endepandan (poukont ou) e prive lè ou fè kwa sou yon bilten vòt an papyè, oswa lè w itilize yon Aparèy pou Fè Kwa sou Bilten Vòt (BMD), si w bezwen èd pou fè kwa sou bilten w lan.

20. Kisa sa ye yon Aparèy pou Fè Kwa sou Bilten Vòt (BMD)?

Yon BMD se yon aparèy ki ede moun ki gen andikap pou yo fè kwa sou bilten vòt yo yon fason endepandan (poukont yo) e prive. Chak sit vòt gen aksè tou a divès kalite aparèy èd aksesibilite ki kapab ede w fè kwa sou bilten vòt ou a epi depoze bilten w lan yon fason endepandan (poukont ou). Aparèy sa a yo kapab gen ladan yo yon Kontaktè O Souf (Sip-N-Puff), yon Manèt a De Komitatè (Two-Switch Paddle), oswa yon Entèfas Odyo-Taktil. Kontakte CBOE w la (Konsèy Eleksyon Konte) pou plis enfòmasyon sou aparèy aksesibilite pou vote yo.

21. E si mwen bezwen èd pou itilize BMD a?

Chak sit biwo vòt oblije gen yon BMD an bon eta fonksyònman. Anplwaye biwo vòt yo resevwa fòmasyon epi yo dwe prepare pou ede tout elektè ki mande pou yo itilize BMD, kèlkeswa andikap yo ta genyen.

22. Èske mwen kapab mennen yon moun avèk mwen pou ede m vote?

Wi, ou gen dwa pou mennen yon moun avèk ou pou ede w vote. Toutfwa, moun nan pa kapab patwon ou, reprezantan sendika ou, oswa yon kandida ki sou bilten vòt la ki ap chèche pou yo eli li.

Kèlkeswa moun ki ap ede ou vote **li dwe** suiv **enstriksyon w yo** epi vote pou kandida ou chwazi yo. Si w gen kèlkeswa kesyon konsènan ki moun ki kapab ede w vote, rele CBOE lokal ou a (Konsèy Eleksyon Konte lokal ou a).

23. Kisa mwen ta dwe fè si mwen gen pwoblèm lè mwen ale pou m vote?

Ou kapab rele Liy Èd Pa Telefòn Pwoteksyon Eleksyon an nan 1-866-OUR-VOTE, oswa kontakte Dwa Andikap Nouyòk nan: <https://www.drny.org/page/pa-for-voting-access-pava-26.html>, (518) 432-7861 (vwa), (518) 512-3448 (TTY), (800) 993-8982 (Gratis). Ou gen dwa tou pou depoze yon plent devan Konsèy Eleksyon Eta Nouyòk yo.

24. Èske Nouyòk gen Vòt Antisipe?

Wi. Eta Nouyòk te pase yon lwa an 2019 ki kounye a egzije pou tout konte yo founi elektè ki enskri yo nèf jou anplis pou yo vote, an pèsòn, anvan chak jou eleksyon primè e jeneral ki pwograme.

Kontakte CBOE lokal ou a nan <https://www.voteearlyny.org/> pou jwenn dat yo ak ki kote sit vòt antisipe yo ye.

25. Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon sou vòt?

Manadjè Swen w lan se yon bon resous pou kesyon konsènan vòt. Ou kapab jwenn enfòmasyon tou sou sit wèb Biwo Pou Moun Ki Gen Andikap Devlopman Eta Nouyòk nan www.opwdd.ny.gov/access-supports/know-your-rights. Ou kapab kontakte tou Dwa Andikap Nouyòk pa imel nan Voting@DRNY.org lè w rele 518-432-7861 (vwa), 518-512-3448 (TTY), 800-993-8982 (Gratis) oswa lè w vizite sit wèb yo a nan www.DRNY.org.

26. Ki kote mwen kapab jwenn fòmilè enskripsyon elektè Nouyòk la?

Fòmilè Enskripsyon Elektè Eta Nouyòk

Ou kapab ranpli yon vèsyon PDF Fòmilè Enskripsyon Elektè Eta Nouyòk anliy (sou entènèt) lè ou klike sou lyen ki anba la a oswa ou kapab enprime fòmilè a pou ranpli li alamen.

- [Ranpli Fòmilè ann Anglè a Anliy \(!\[\]\(11a0966cbb90b5c1d6ebfc666ec75f78_img.jpg\) 304KB\)](#)
- [Ranpli Fòmilè ann Espayòl la Anliy \(!\[\]\(2f6f35750fca7eca6b879311cf96b8dc_img.jpg\) 310KB\)](#)

Ou kapab ranpli tou yon vèsyon Aksesib Fòmilè Enskripsyon Elektè Eta Nouyòk anliy (sou entènèt) lè ou klike sou lyen ki anba la a, lè ou tape enfòmasyon ki nesèsè yo epi koche kaz ki apwopriye yo.

- [Fòmilè ann Anglè Aksesib Anliy](#)
- [Fòmilè ann Espayòl Aksesib Anliy](#)

Yon fwa ou fin ranpli fòmilè a, ou fèt pou w enprime fòmilè a epi siyen li epi ekri dat la sou li. Epi, voye fòmilè a pa lapòs pou [konsèy eleksyon konte a](#).